



Sa Ki nan Liv la

**Kesyon Moun Poze Souvan..... 3**

**Kalifikasyon..... 3**

- Kimoun ki kalifye pou Pwogram Sibvansyon Establi pou Swen Timoun lan (Child Care Stabilization Grant)? ..... 3
- Kisa sa vle di lè yon pwogram ki "an règ"? ..... 3
- Pwogram mwen an te fèmen pou yon tan poutèt COVID-19, men nou ouvè ankò nan kòmansman ane sa a. Èske mwen kalifye? ..... 4
- Si pwogram mwen an se yon pwogram pou yon ane lekòl epi nou fèmen pou grann vakans, èske nou ka toujou aplike? 4
- Èske kan dete LEG yo kalifye? ..... 4
- Ki kondisyon pou yon moun kalifye pou pwogram Head Start, Early Start ak pwogram preskolè leta finanse yo? ..... 4

**Kesyon sou Sibvansyon Jeneral ..... 4**

- Ki dèle aplikasyon an genyen? ..... 4
- Kisa yo kapab fè ak fon yo? ..... 4
- Èske yo dwe ranbouse fon sibvansyon yo? ..... 5
- Èske gen yon limit nan kantite pwogram ki ap jwenn fon yo? ..... 5
- Èske Sibvansyon estabilizasyon founisè sèvis gad timoun yo ap peye taks? ..... 5
- Èske mwen ap gen bezwen bay resi oswa dokiman sou kijan fon yo te depanse? ..... 5
- Èske founisè yo bezwen depanse fon yo anvan yon dat? ..... 5
- Èske mwen ap genyen pou mwen ranbouse fon yo si pwogram mwen an fèmen apre mwen resevwa pèman yo? ..... 5

**Pwosesis Aplikasyon Sibvansyon la ..... 6**

- Èske mwen bezwen kreye yon kont NY.gov nan objektif pou aplike? ..... 6
- Èske m ta dwe kreye yon kont My.NY.gov pèsònèl oswa biznis? Si mwen gen yon Kont My NY.gov deja, èske m ka jis itilize sa? ..... 6
- Ki kote m ka jwenn enstriksyon sou fason pou m kreye yon kont My.NY.gov? ..... 6
- Mwen gen yon Kont My.NY.gov deja. Ki kote mwen kapab konekte? ..... 6
- Mwen te gade videyo yo epi m te revize gid referans lan. Ki kote m ka ale si m toujou gen kesyon konsènan pwosesis aplikasyon an? ..... 6
- Ki kote mwen kapab ale si mwen bezwen asistans nan ranpli aplikasyon pou sibvansyon an? ..... 6
- Èske genyen yon dèle pou aplike? ..... 6
- Kisa mwen bezwen genyen pou mwen aplike pou sibvansyon an? ..... 7
- Yonfwa mwen fini aplikasyon mwen an, èske m kapab jwenn yon kopi PDF ki gen enfòmasyon mwen te mete yo? ..... 7
- Nan ki lang aplikasyon an disponib? ..... 7
- Èske aplikasyon anliy la se sè opsyon ki disponib pou aplike pou yon sibvansyon? ..... 7
- Nou se yon òganizasyon ki baze nan plizyè etablisman. Èske nou dwe aplike antanke yon òganizasyon pou chak etablisman? ..... 7
- Èske mwen ap kapab verifye pwosesis aplikasyon mwen an anliy? ..... 7

**Sekirite, Konfidansyalite, ak Prevansyon Fwod ..... 8**

- Èske li pridan pou mwen antre enfòmasyon labank mwen yo nan aplikasyon an? ..... 8
- Ki objektif kòd sekirite founisè an? ..... 8
- Èske enfòmasyon sou imigrasyon oswa sitwayèn yo ap pataje ansanm ak gouvènman federal la? ..... 8
- Poukisa mwen pa kapab anrejistre aplikasyon mwen an epi retounen ladan li pita? ..... 8

**Renouvèlman Sibvansyon ..... 8**

- Èske founisè yo ap bezwen jwenn aksè ak aplikasyon yo pou yo ka renouvle chak mwa? ..... 8
- Ki rezon ki ka fè yon founisè pa kapab renouvle? ..... 8

**Pwosesis Pèman ..... 9**

- Kijan yo ap kapab resevwa fon yo? ..... 9

Konbyen pèman mwen ap resevwa? .....	9
Konbyen lajan pwogram mwen an ap resevwa? .....	9
Si mwen pa antre enfòmasyon sou bank lan, kijan y ap fè peye mwen? .....	9
Kisa mwen dwe atann mwen ak li si enfòmasyon nan aplikasyon mwen an (tankou non, imèl, nimewo telefòn) yo pa kòrèk? .....	9
Èske m kapab mete ajou detay sou pèman mwen yo yonfwa m fin voye aplikasyon m nan ale? .....	9
Ki metòd yo itilize pou kalkile kantite lajan sibvansyon yo? .....	9
Gen yon pwoblèm ak enfòmasyon bank mwen epi m bezwen mete ajou enfòmasyon kont mwen nan aplikasyon an.	
Kisa mwen ta dwe fè? .....	10
Kilè mwen pral resevwa pèman m nan? .....	10
Mwen pa t resevwa pèman an nan bon kont lan. Kisa mwen ta dwe fè? .....	10
Kijan pou mwen fè chanjman nan enfòmasyon mwen yo? .....	10
Kantite mwen te resevwa nan kont bank mwen (oswa chèk) diferan ak kantite mwen te wè nan aplikasyon m nan. Ki kote mwen kapab jwenn èd? .....	10
Aplikasyon an di yo peye m, men m pa ka jwenn lajan an sou kont mwen. Mwen se yon founisè SFS. Kisa mwen ta dwe fè? .....	10
Aplikasyon an di yo peye m, men m pa ka jwenn lajan an sou kont mwen. Kisa mwen ta dwe fè? Mwen pa yon founisè SFS. ....	10
Mwen pa t janm resevwa chèk papye m nan. Kisa mwen ta dwe fè? .....	11
Chèk papye m nan rive, men li gen yon non ki pa kòrèk sou li/òganizasyon ki pa kòrèk, donk mwen pa ka chanje li. Kisa mwen ta dwe fè? .....	11
Chèk mwen an te andomaje, epi mwen pa ka chanje li. Èske mwen kapab fè yo voye yon nouvo chèk pou mwen? .....	11
Mwen vle chanje metòd chèk papye an transfè elektwonik/ depo dirèk. Kijan mwen kapab fè sa? .....	11

## Kesyon Moun Poze Souvan

### Kalifikasyon

Kimoun ki kalifye pou Pwogram Sibvansyon Estabilite pou Swen Timoun lan (Child Care Stabilization Grant)?

Pwogram lan an dwe fè pati youn nan kategori ki afiche pi ba yo, rete ouvè epi akeyi timoun apati dat 11 Mas 2021 an epi yo dwe gen yon lisans/anrejistreman/pèmi ki valid epi ki an règ (jan Deklarasyon Opòtinite Sibvansyon an defini l lan) oswa ou dwe enskri aktyèlman epi yo dwe aktif antanke pwogram gwoup lalwa egzante:

- Pwogram OCFS otorize yo
  - Gadri (Day Care Centers, DCC)
  - Gadri Familyal Kolektif (Group Family Day Care, GFDC)
- Pwogram OCFS anrejistre yo
  - Gadri pou Timoun ki gen Laj pou Lekòl (School Age Child Care, SACC)
  - Gadri Familyal (Family Day Care, FDC)
  - Ti Gadri (Small Day Care Centers, SDCC)
- Pwogram NYCDOHMH otorize yo
  - Pwogram atik 47 la yo sèlman
- Pwogram Gwoup Lalwa Egzante ki Enskri yo
  - Yo dwe enskri nan yon ajans enskripsyon

Kisa sa vle di lè yon pwogram ki "an règ"?

Pou yo kapab kalifye, tout pwofesyonèl swen sante yo dwe "an règ" ki vle di se yon pwogram swen timoun ki nan yon sitiyasyon peyab ki se swa yon pwogram lalwa egzante ki gen lisans/anrejistre/gen pèmision (NYC Atik 47) oswa ki enskri (enskri nan yon ajans enskripsyon), ki nan moman siyati atestasyon an pozisyon andeyò tout mezi egzekisyon aktif OCFS la oswa Ministè Sante ak ijyèn mantal vil New York City an. Sitiyasyon Egzekisyon ki pa Kalifye nan OCFS yo se:

- Sispanasyon Lisans/ Enskripsyon
- Restriksyon Lisans/ Enskripsyon
- Sispanasyon ak Pwopozisyon Revokasyon Lisans/ Enskripsyon
- Pwopozisyon Revokasyon Lisans/ Enskripsyon
- Refi Aplikasyon pou Renouvle Lisans/ Enskripsyon

Sitiyasyon Egzekisyon ki pa Kalifye nan DOHMH yo se:

- Lòd Komisè a pou sispanasyon pèmi an
- Odyans Jistifikasyon
- Refi renouvèlman, anilasyon pèmi

Yo dwe poze NYC DOHMH kesyon konsènan sitiyasyon aplikasyon lalwa nan vil New York la.

Pwogram mwen an te fèmen pou yon tan poutèt COVID-19, men nou ouvè ankò nan kòmansman ane sa a. Èske mwen kalifye?

Pwofesyonèl Swen sante ki kalifye yo dwe gen yon lisans/anrejistraman/pèmi ki valid epi ki an règ (jan Deklarasyon Opòtinite Sibvansyon an defini l lan) oswa enskri aktyèlman antanke pwogram lalwa egzante epi rete ouvè epi akeyi timoun apati dat 11 Mas 2021.

Pwogram ki pa ofri sèvis gadri akòz pwoblèm sante piblik, difikilte finansye oswa pou lòt rezon ki gen rapò ak ijans sou plan sante piblik an rapò ak maladi kowonaviris 2019 (COVID-19) la nan dat yo fè demann nan dwe louvri pòt yo ankò epi desèvi timoun yo apati 20 septanm 2021 oswa nan 30 jou (dat ki rive apre an) ki pou yo kalifye pou fon pou etabilizasyon.

Si pwogram mwen an se yon pwogram pou yon ane lekòl epi nou fèmen pou grann vakans, èske nou ka toujou aplike?

Wi, toutotan pwogram ou an kapab satisfè tout lòt egzijans yo epi li ouvè jis nan dat 20 Septanm, oswa nan yon espas 30 jou apre ou soumèt aplikasyon ou an (dat ki vini apre an).

Èske kan dete LEG yo kalifye?

Kan dete LEG yo pa kalifye pou sa sèvis sa a.

Ki kondisyon pou yon moun kalifye pou pwogram Head Start, Early Start ak pwogram preskolè leta finansye yo?

Pwogram Head Start, Early Head Start ak pwogram preskolè leta finansye ki benefisye lòt sous sipò federal ak sipò leta, ap bezwen bay yon atestasyon ki fè konnen yo pral itilize fon sa yo pou soutni pati nan pwogram yo ki pa resevwa okenn lòt èd gouvènman an.

## Kesyon sou Sibvansyon Jeneral

Ki dèle aplikasyon an genyen?

Aplikasyon an ouvè sòti nan dat 3 Out 2021, rive nan dat 30 Novanm 2021. Nou p ap revize okenn aplikasyon nou resevwa aprè dat 30 Novanm 2021 la, a 11:59 PM.

Kisa yo kapab fè ak fon yo?

Fon yo kapab itilize pou objektif [rekòmandasyon federal yo](#) otorize yo, tankou:

- Depans pou pèsònèl la, tankou salè, pèman nan menm sans lan pou anplwaye, avantaj sosyal pou anplwaye, frè retrèt, frè edikasyon, frè gadri; ak frè pou pèsònèl sipò a gen aksè a vaksen COVID-19
- Lwaye (tankou nan kad yon kontra lweyaj) oswa pèman yon obligasyon ipotèk, sèvis piblik oswa asirans; li kapab pran frè pou reta oswa frè ki gen rapò ak pèman anreta ankont tou
- Antretyen oswa amelyorasyon etablisman, sa vle di ti reparasyon, ni pou espas aprantisaj ak tèren je deyò, ak ti amelyorasyon pou fè fas ak enkyetid ki gen rapò ak vaksen COVID-19
- Ekipman pwoteksyon endividyèl, ekipman ak sèvis netwayaj ak ijyèn piblik, oswa fòmasyon ak devlopman pwofesyonèl ki gen rapò ak pratik sante ak sekirite

- Acha oswa mizajou ekipman ak founiti pou respekte nòm COVID-19 yo
- Byen ak sèvis ki nesèsè pou mentnans oswa pou reprann sèvis gadri yo
- Sipò ki gen rapò ak sante mantal pou timoun ak anplwaye yo
- Fòmasyon ki gen rapò ak sante ak sekirite pou pèsònèl la, tankou Reyanimasyon, Sekouris, bay medikaman, pou site sa yo sèlman

Èske yo dwe ranbouse fon sibvansyon yo?

Non, fon sibvansyon yo pa lajan moun prete pou yo oblije vin ranbouse l.

Èske gen yon limit nan kantite pwogram ki ap jwenn fon yo?

Non, yo mete fon yo disponib pou tout pwogram ki kalifye yo kapab resevwa yon sèl sibvansyon pou chak sant/etablisman.

Èske Sibvansyon estabilizasyon founisè sèvis gad timoun yo ap peye taks?

Tout pwogram yo ap resevwa yon 1099 pou fon sibvansyon yo resevwa. OCFS rekòmande ou pou ou pale ak espesyalis taks ou an pou pwoblèm ki gen pou wè ak taks yo.

Èske mwen ap gen bezwen bay resi oswa dokiman sou kijan fon yo te depanse?

Règleman federal yo mande pou tout benefisyè fon federal yo kenbe dokiman finansye pandan senk (5) lane. Ou ap sèlman genyen pou ou founi resi si yo chwazi pwogram ou an pou yon odit nan objektif pou bay prèv sou depans yo, jan li di nan kontra sibvansyon ou an.

Tanpri toujou verifye depans ou yo pandan yon peryòd senk (5) lane nan ka yo ta chwazi pwogram ou an pou yon odit.

Rejis sou depans yo ak dokiman jistifikatif pou depans ki te fèt yo ak kijan finansman pwogram lan te depanse genyen men pa limite ak:

- Ipotèk/lweyaj/relve depans pou espas la
- Relve pou sèvis piblik yo
- Rejis pèman salè ak avantaj yo
- Fakti orijinal ak/oswa resi pou acha materyèl/founiti yo
- Dokiman sou lòt avantaj ki bay pou manm pèsònèl gad timoun yo, tankou pèman yon depans siplemantè pou asirans oswa ranbouse depans lekòl yo.

Èske founisè yo bezwen depanse fon yo anvan yon dat?

Tout fon yo dwe fin depanse anvan dat 30/09/2023, dapre direktiv federal yo.

Èske mwen ap genyen pou mwen ranbouse fon yo si pwogram mwen an fèmen apre mwen resevwa pèman yo?

Si yon pwogram fèmen pandan peryòd pèman sibvansyon yo, pèman yo ap kanpe. Si yon pwogram fèmen pandan peryòd pèman sibvansyon yo, yo ap revize sibvansyon yo pou yo deside si ta dwe genyen ranbousman.

## Pwosesis Aplikasyon Sibvansyon la

Èske mwen bezwen kreye yon kont NY.gov nan objektif pou aplike?

Si ou deja genyen yon kont NY.gov, ou kapab itilize yon kont ki deja egziste epi ou pa bezwen kreye yon nouvo kont. Si ou bezwen kreye yon kont NY.gov, ou kapab fè sa pandan ou ap ale sou: <https://my.ny.gov> and epi klike sou **Don't have an Account? (Ou pa genyen yon kont?)**

Èske m ta dwe kreye yon kont My.NY.gov pèsònèl oswa biznis? Si mwen gen yon Kont My NY.gov deja, èske m ka jis itilize sa?

W ap bezwen yon kont pèsònèl pou w ka fè aplikasyon ou an.

Ki kote m ka jwenn enstriksyon sou fason pou m kreye yon kont My.NY.gov?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou kreye yon kont My.NY.gov, ou kapab gade videyo ki la a: Kijan pou kreye yon idantifyan (ID) My.NY.gov

Mwen gen yon Kont My.NY.gov deja. Ki kote mwen kapab konekte?

Pou kòmanse yon aplikasyon, klike la a: <https://childcarestabilization.ocfs.ny.gov/>

Mwen te gade videyo yo epi m te revize gid referans lan. Ki kote m ka ale si m toujou gen kesyon konsènan pwosesis aplikasyon an?

Ou kapab kontakte Resous pou Gad Timoun ak Referans (CCR&R) ou a oswa Liy Èd Estabilizasyon an. Ou kapab jwenn lis CCR&R yo la a: <https://ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php>.

Pou jwenn Liy Èd Estabilizasyon an nan telefòn, rele: 844-863-9319

Ou kapab kontakte yo tou atravè webchat: Tchat avèk yon reprezantan

Ki kote mwen kapab ale si mwen bezwen asistans nan ranpli aplikasyon pou sibvansyon an?

Anplwaye Liy èd yo disponib Lendi - Vandredi, 8:30AM-4:30PM

Ale sou Sant Èd pou Estabilizasyon an nan <https://ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/> oswa rele Liy Ed Estabilizasyon an nan 844-863-9319. Ou kapab rele Resous Gadri lokal ou an ansanm ak Ajans Referans lan nan.

Èske genyen yon dèl pou aplike?

Dat limit pou soumèt aplikasyon ou an se madi 30 novanm 2021 a 11:59 PM. Nou p ap revize okenn aplikasyon nou resevwa aprè dat limit la.

Tout aplikasyon yo dwe soumèt anliy atravè sit entènèt NYS la.

Kisa mwen bezwen genyen pou mwen aplike pou sibvansyon an?

Aplikasyon ou an ap gen anpil enfòmasyon nou genyen deja dapre nimewo etablisman w lan. Pou ou finalize aplikasyon an, w ap bezwen:

- Enfòmasyon konsènan lisans/pèmi/enskripsyon tankou non legal ak enfòmasyon pou nou antre an kontak avè w
- Depans Chak Mwa an Mwayèn
- Enfòmasyon sou bank lan si ou swete nou depoze fon ou an dirèkteman sou kont ou oswa n ap voye chèk papye ba ou apati kourye ameriken.

Yonfwa mwen fini aplikasyon mwen an, èske m kapab jwenn yon kopi PDF ki gen enfòmasyon mwen te mete yo?

Wi. Yonfwa ou voye aplikasyon ou an ale, w ap wè yon ekran ki di “Thank you” epi w ap jwenn opsyon pou enprime yon kopi PDF aplikasyon w lan. Yonfwa ou soti nan aplikasyon an, w ap jwenn aplikasyon ou fè a sou paj Verifikasyon founisè ki anba “chwazi yon aplikasyon ki egziste deja.” W ap jwenn tou opsyon pou enprime yon PDF apati la a.

Nan ki lang aplikasyon an disponib?

Anglè  
Panyòl  
Chinwa Tradisyonèl  
Ris  
Yidich  
Bengali  
Koreyen  
Kreyòl Ayisyen  
Fransè  
Italyen  
Arab  
Polonè

Èske aplikasyon anliy la se sè opsyon ki disponib pou aplike pou yon sibvansyon?

Wi, aplikasyon an disponib sèlman anliy epi ou dwe soumèt li atravè sistèm lan. Li kapab ranpli nan yon òdinatè oswa yon aparèy mobil. Aplikasyon an bay pi bon randman sou Google Chrome, Mozilla Firefox, Safari, ak Microsoft Edge.

Nou se yon òganizasyon ki baze nan plizyè etablisman. Èske nou dwe aplike antanke yon òganizasyon pou chak etablisman?

Yon aplikasyon dwe soumèt pou CHAK pwogram ki kalifye.

Èske mwen ap kapab verifye pwosesis aplikasyon mwen an anliy?

Apre ou fin soumèt aplikasyon ou an, ou ap kapab konekte ak kont NY.gov ou an epi wè pwosesis aplikasyon ou an oswa pèman yo.

## Sekirite, Konfidansyalite, ak Prevansyon Fwod

Èske li pridan pou mwen antre enfòmasyon labank mwen yo nan aplikasyon an?

Sistèm Sibvansyon Estabilizasyon lan sekirize epi pwoteje, men si ou genyen dout, ou kapab chwazi resevwa yon chèk an papyè nan adrès lapòs pwofesyonèl ou.

Ki objektif kòd sekirite founisè an?

Lè yon founisè konekte nan NY.gov, yo ap mande li pou verifye li se yon reprezantan pwogram gadri timoun lan. Modpas founisè an ap vin jwenn li nan yon mesaj an adrès imèl ki nan dosye li an pou asire sekirite pwogram ki ap aksede aplikasyon an. Modpas founisè an asire moun ki ap aksede aplikasyon an se yon moun otorize pou soumèt tout bagay nan non founisè sèvis gadri pou timoun lan.

Èske enfòmasyon sou imigrasyon oswa sitwayènte yo ap pataje ansanm ak gouvènman federal la?

Pa gen okenn enfòmasyon sou founisè yo ki ap pataje ansanm ak gouvènman federal la. Sèlman enfòmasyon ki obligatwa yo.

Poukisa mwen pa kapab anrejistre aplikasyon mwen an epi retounen ladan li pita?

Se yon opsyon sekirite pou asire pa gen lòt moun ki genyen aksè ak enfòmasyon pwogram lan.

## Renouvèlman Sibvansyon

Èske founisè yo ap bezwen jwenn aksè ak aplikasyon yo pou yo ka renouvle chak mwa?

Pifò founisè yo pap bezwen aksè ak aplikasyon yo pou yo ka renouvle. Si founisè a gen yon chanjman nan kapasite li, sitiyasyon egzekisyon li oswa yon lòt chanjman, l ap resevwa yon imèl pou fè yon mizajou nan aplikasyon li an pou l ka renouvle. Sinon, depi yo an règ, sistèm nan pral verifye enfòmasyon yo e l ap renouvle yo otomatikman san founisè a pa bezwen rekonekte. Founisè yo ta dwe verifye imèl yo pou asire yo pa gen okenn bagay yo mande yo fè.

Ki rezon ki ka fè yon founisè pa kapab renouvle?

Si yon founisè gen yon estati egzekisyon pandan demann nan oswa nan nenpòt moman pandan pwosesis renouvèlman mansyèl la, OCFS ap egzamine demann li an pou gade si li kalifye. Chanjman estati ak egzekisyon kapab fè gen yon reta oswa yon rediksyon nan montan total la. Chanjman modalite yo ak lòt enfòmasyon ka afekte tou montan total sibvansyon an ak/oswa montan mansyèl yo te prevwa yo.

## Pwosesis Pèman

Kijan yo ap kapab resevwa fon yo?

Fon yo ap distribye antanke yon seri pèman sou sis mwa, swa nan depo dirèk oswa nan chèk. Premye pèman ou an ap vin jwenn ou 30 jou apre yo apwouve aplikasyon pou sibvansyon ou an. Si ou genyen yon Idantifyan Vandè SFS, ou pral resevwa fon ou yo nan depo dirèk. Si ou pa genyen yon Idantifyan Vandè SFS, ou kapab chwazi resevwa fon ou yo nan depo dirèk oswa ou kapab fè yo voye yon chèk papyè ba ou atravè lapòs nan adrès ki chwazi nan aplikasyon pou sibvansyon an. Pèman yo kapab koupe oswa anile si pwosesis pwogram lan chanje.

Konbyen pèman mwen ap resevwa?

Après apwobasyon an, yo ap voye fon yo sou yon peryòd sis mwa pèman, swa nan depo dirèk oswa nan chèk (\*Remake - pèman yo soumèt anba kritè kalifikasyon pou renouvèlman chak mwa epi li kapab genyen enpak sou chanjman nan pwosesis pwogram lan.)

Konbyen lajan pwogram mwen an ap resevwa?

Kantite sibvansyon yo baze sou yon kantite faktè, tankou metòd, to mache rejyonal jewografik la, ak kapasite maksimòm la. Kapasite pou pwogram la la egzante ki enskri yo baze sou kantite timoun sibvansyone ki ap jwenn sèvis, men se pa sou tout kapasite pwogram lan. Kantite total sibvansyon yo afiche sou sit entènèt Stabilization lan.

Si mwen pa antre enfòmasyon sou bank lan, kijan y ap fè peye mwen?

Founisè yo apwouve yo ki ap antre enfòmasyon sou bank yo ap resevwa pèman nan chèk an papyè yo ap voye bay yo nan adrès lapòs pwofesyonèl yo.

Kisa mwen dwe atann mwen ak li si enfòmasyon nan aplikasyon mwen an (tankou non, imèl, nimewo telefòn) yo pa kòrèk?

Ou dwe kontakte òganis règlemantasyon ou an pou li kapab korije aplikasyon an. Ou p ap kapab kontinye pwosesis aplikasyon Estabilizasyon a jiskaske enfòmasyon sa korije.

Èske m kapab mete ajou detay sou pèman mwen yo yonfwa m fin voye aplikasyon m nan ale?

Si ou pa yon founisè SFS, ou kapab fè chanjman ant chèk papyè ak transfè elektwonik, ant adrès postal ak adrès sit oswa mete enfòmasyon bank ou ajou lè w chwazi "Mete ajou enfòmasyon sou pèman" ki nan Pòtay Estabilizasyon an.

Ki metòd yo itilize pou kalkile kantite lajan sibvansyon yo?

Yo fè pèman yo grasa yon metòd ki pran an konsiderasyon pri mwayen sèvis gadri yo, modalite, jeyografi, kapasite ak gwo pwogram nan. Yo kalkile kantite lajan sibvansyon yo apa pou chak modalite; yo pran an konsiderasyon twa tarif mache gwo rejyon jewografik yo; ak kapasite/kantite timoun. Pou pwogram ki nan sant yo, Kantite lajan sibvansyon yo kalkile selon gwo pwogram nan, yon fason pou pran an konsiderasyon efè demezire rediksyon enskripsyon pou ti pwogram yo ak posiblite gwo pwogram yo genyen pou diminye depans yo. Kritè evalyasyon an pèmèt yo bay priyorite ak ti pwogram ki pa toujou gen aksè ak plizyè sou finansman yo. Se enpòtan pou n konnen nan fen sibvansyon an, kapasite pwogram kolektif ki otorize legalman pou enskri yo baze sou kantite timoun ki jwenn yon sibvansyon epi ki benefisye pwogram Sistèm Gad Timoun (Child Care Facility System, CCFS) ki nan OCFS e li pa baze sou kapasite total pwogram nan.

Gen yon pwoblèm ak enfòmasyon bank mwen epi m bezwen mete ajou enfòmasyon kont mwen nan aplikasyon an. Kisa mwen ta dwe fè?

Kilè mwen pral resevwa pèman m nan?

Mwen pa t resevwa pèman an nan bon kont lan. Kisa mwen ta dwe fè?

Kijan pou mwen fè chanjman nan enfòmasyon mwen yo?

Kantite mwen te resevwa nan kont bank mwen (oswa chèk) diferan ak kantite mwen te wè nan aplikasyon m nan. Ki kote mwen kapab jwenn èd?

Aplikasyon an di yo peye m, men m pa ka jwenn lajan an sou kont mwen. Mwen se yon founisè SFS. Kisa mwen ta dwe fè?

Aplikasyon an di yo peye m, men m pa ka jwenn lajan an sou kont mwen. Kisa mwen ta dwe fè? Mwen pa yon founisè SFS.

Si ou pa yon founisè SFS, ou kapab fè chanjman ant chèk papye ak transfè elektwonik, ant adrès postal ak adrès sit oswa mete enfòmasyon bank ou ajou lè w chwazi “Mete ajou enfòmasyon bank” ki nan Pòtay Estabilizasyon an.

Pifò founisè ap resevwa pèman yo nan 30 jou ouvrab apati dat yo apwouve aplikasyon an. Pèman k ap fèt annapre yo se ap ozanviwon menm lè a chak mwa. Nenpòt chanjman nan aplikasyon oswa estati etablisman ka gen enpak sou pèman yo.

Tanpri asire ou tout enfòmasyon sou kont ou yo ajou nan aplikasyon Estabilizasyon an.

Si ou se yon founisè SFS, (endis: pap gen okenn enfòmasyon pèman nan aplikasyon ou an epi w ap wè yon “ID kont Founisè SFS” ki anba TIN ou an) ou dwe mete ajou enfòmasyon SFS ou yo nan pòtay SFS la. Tanpri kontakte SFS nan [HelpDesk@sfs.ny.gov](mailto:HelpDesk@sfs.ny.gov) oswa vizite: <https://www.sfs.ny.gov> epi konekte sou pòtay founisè ou a.

Si ou pa yon founisè SFS e ou bezwen chanje enfòmasyon pèman ou nan aplikasyon an, ou kapab fè sa lè w chwazi opsyon “Mete ajou enfòmasyon bank” ki nan pòtay Estabilizasyon an.

Tanpri kontakte SFS nan [HelpDesk@sfs.ny.gov](mailto:HelpDesk@sfs.ny.gov) oswa vizite: <https://www.sfs.ny.gov> epi konekte sou pòtay founisè ou a.

Sonje y ap peye w kantite total sibvansyon an pou yon peryòd mwa, depi w toujou kalifye.

Si ou se yon founisè SFS (endis: pap gen okenn enfòmasyon pèman nan aplikasyon ou an epi w ap wè yon “ID kont Founisè SFS” ki anba TIN ou an) pèman sibvansyon yo kapab melanje avèk lòt montan oswa kapab gen lòt rezon ki fè pèman ou yo diferan. Tanpri kontakte SFS nan [HelpDesk@sfs.ny.gov](mailto:HelpDesk@sfs.ny.gov) oswa vizite <https://www.sfs.ny.gov> epi konekte sou pòtay founisè ou a.

Si ou kwè gen yon erè nan kantite pèman ou resevwa a, tanpri kontakte Liy Èd Estabilizasyon an nan 844-863-9319 e y ap ankete sou pwoblèm ou an.

Bank ki diferan trete depo dirèk yo fason diferan. Si premye pèman an pa rive sou kont ou nan 15 jou ouvrab apre yo fin apwouve aplikasyon w lan, tanpri konekte sou pòtay founisè SFS ou a: <https://www.sfs.ny.gov> oswa kontakte SFS nan [HelpDesk@sfs.ny.gov](mailto:HelpDesk@sfs.ny.gov)

Pou chèk papye: Ou kapab ret tann ou resevwa premye pèman ou an nan 30 jou ouvrab, apati dat yo apwouve aplikasyon w lan.

Pou Depo Dirèk: Ou kapab ret tann ou resevwa premye pèman w lan nan 15 jou ouvrab.

Si ou pa resevwa pèman ou an nan delè pi wo yo, tanpri kontakte Liy Èd pou Estabilizasyon an nan 1-844-863-8319 e n ap ankete pwoblèm ou an.

Chak mwa, w ap resevwa pèman ou an nan prèske menm dat ak premye pèman an.

Mwen pa t janm resevwa chèk papye m nan. Kisa mwen ta dwe fè?

Si ou pa t resevwa premye pèman ou an nan 30 jou ouvrab apre yo fin apwouve aplikasyon w lan:

Si ou se yon founisè SFS:

Tanpri konekte sou pòtay founisè SFS ou a: <https://www.sfs.ny.gov> oswa kontakte SFS nan [HelpDesk@sfs.ny.gov](mailto:HelpDesk@sfs.ny.gov)

Si ou pa yon founisè SFS:

- 1) Gade aplikasyon sibvansyon pou verifye si adrès la kòrèk.
- 2) Si adrès ou pa kòrèk nan aplikasyon w lan, tanpri kontakte Liy Èd Estabilizasyon an nan 1-844-863-8319 e n ap ankete pwoblèm ou an. Ou kapab verifye tou avèk CCR&R ou ki kapab fè rechèch si/kilè yo te voye chèk ou a nan lapòs pou ou.

Chèk papye m nan rive, men li gen yon non ki pa kòrèk sou li/òganizasyon ki pa kòrèk, donk mwen pa ka chanje li. Kisa mwen ta dwe fè?

Si ou se yon founisè SFS:

Tanpri verifye si enfòmasyon an kòrèk lè w konekte sou pòtay founisè SFS ou an: <https://www.sfs.ny.gov> oswa ou kapab kontakte SFS nan [HelpDesk@sfs.ny.gov](mailto:HelpDesk@sfs.ny.gov)

Si ou pa yon founisè SFS:

Tanpri kontakte Liy Èd Estabilizasyon an nan 1-844-863-8319 e n ap ankete reklamasyon ou an. Ou kapab verifye tou avèk CCR&R ou ki kapab fè rechèch sou enfòmasyon nan aplikasyon w lan. CCR&R ou nan aplikasyon konplè ou a.

Chèk mwen an te andomaje, epi mwen pa ka chanje li. Èske mwen kapab fè yo voye yon nouvo chèk pou mwen?

Si chèk ou a andomaje, tanpri kontakte Liy Èd Estabilizasyon an nan 844-863-9319 pou jwenn èd.

Mwen vle chanje metòd chèk papye an transfè elektwonik/ depo dirèk. Kijan mwen kapab fè sa?

Si ou bezwen chanje enfòmasyon pèman ou nan aplikasyon an, ou kapab fè sa lè w chwazi opsyon "Metè ajou enfòmasyon sou bank" ki nan pòtay Estabilizasyon an.